YAYASAN BERNARDUS
**SMA THERESIANA WELERI "TERAKREDITASI"**
Jl.Tamtama Weleri 51355,Kendal,Jawa Tengah. Telp. 0294 641246

================================================================================

**Nama** :
**Kelas** :

**ASESMEN AKHIR SEMESTER GENAP**
Tahun Ajaran 2024/2025
**LEMBAR SOAL**

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : X (SEPULUH)
Hari / Tanggal : Senin, 3 Juni 2025
Jam : 09.30 - 11.00 WIB

**PETUNJUK UMUM :**
1. Tulis Nama dan Nomor peserta pada lembar jawab
2. Periksa dan bacalah soal sebelum anda menjawabnya
3. Jumlah soal sebanyak 40 butir.

**** SELAMAT MENGERJAKAN ****

## A. PILIHAN GANDA

Infografik kanggo pitakonan nomer 1,16.




1. Wong kang mandhegani wayang yaiku ….
   A. Prangkat desa
   B. Sinoman
   C. Para kadang
   D. Dhalang
   E. Sindhen
2. Ngringkes wacan iku nyekakake wacan kang dawa dadi ringkes, nanging intine wacan ora owah. Bagean sing ora kena diilangake yaiku ….
   A. Gaya basa
   B. Gagasan umum
   C. Ilustrasi
   D. Katrangan
   E. Pacelathon
3. "Sang Guru ugi ngutus Dewi Umayi kinen nggladhi kawruh babagan kautaman marang si Bungkus."
   Tegese tembung "nggladhi" yaiku ….
   A. Menehi
   B. Nggegulang
   C. Nyinaoni
   D. Golek
   E. Njaluk
4. " …. Kepareng paring pangestu kanthi jawat asta kaliyan risang …."
   Tembung "jawat asta" tegese ….
   A. Gandhengan
   B. Ngapurancang
   C. Salaman
   D. Solah bawa
   E. Narik

LIVEWORKSHEETS

5. Idepe kaya .....
   A. Mager timun
   B. Mblarak sempal
   C. Nyigar jambe
   D. Ngudhup turi
   E. Tumenga ing tawang
6. Tujuan maca endah geguritan yaiku ....
   A. Nemokake unsur batin geguritan
   B. Nemokake unsur fisik geguritan
   C. Supaya sing mirsani padha nggumun lan eram marang sing maca
   D. Bisa menehi tandha andhegan, nata napas, lan pangucapan
   E. Sing nyemak dadi mangreteni isi, piweling, lan kaendahan geguritan
7. Tegese larik kapisan lan kapindho geguritan ing dhuwur yaiku ....
   A. Kepengin nulis geguritan kang endah
   B. Kepengin gawe geguritan kang gawe sedhih
   C. Kepengin nulis geguritan kanthi ati kang kelara-lara
   D. Geguritan iku obate ati kang lara
   E. Gawe geguritan kudu trep karo pepenginan ati
8.



   Joglo semar tinandhu kaya gambar ing nduwur, lumrahe kanggo ....
   A. Senthong
   B. Omah kiwa
   C. Omah dalem
   D. Regol
   E. Payon
9. Wacan kang digunakake kanggo nggambarake utawa nerangake sawijining papan, barang, lan liya-liyane kanthi cetha diarani wacan ....
   A. Dheskripsi
   B. Argumentasi
   C. Persuasi
   D. Naratif
   E. Eksposisi

Wacan kanggo pitakonan nomer 10-11



Omah joglo akeh jinise, ing antarane joglo mangkurat lan joglo hageng. Joglo mangkurat padha karo joglo pangrawit, nanging luwih dhuwur lan cara nyambung payon penanggap nganggo penitih. Payon kasusun telung mrenggang, yaiku dhuwur brunjung, tengah penanggap, ngisor penitih (teras). Nanging yen diwenehi sasusun payon maneh ing ngisor penitih payon iki kasebut payon peningrat. Dene joglo hageng yaiku omah joglo kang nduweni payon luwih cendhek lan ditambahi payon sing diarani pengeret lan ditambahi tratak kliling. Tuladha wewangunan joglo hageng yaiku Pendhapa Agung Istana Mangkunegaran Surakarta.

10. Carane nyambung payon penanggap ing joglo mangkurat nganggo ....
    A. Pangrawit
    B. Mrenggang
    C. Brunjung
    D. Peningrat
    E. Penitih
11. Pendhapa Agung Istana Mangkunegaran Surakarta kalebu jinis wewangunan omah joglo ....
    A. Mangkurat
    B. Pangrawit
    C. Jompongan
    D. Hageng
    E. Sinom
12. Ing ngisor iki aksara murda lan wujude sing bener yaiku ....

    A. Ba = 

    B. Na = 

    C. Ga = 

LIVEWORKSHEETS

D. Ta = 

E. Sa = 

13. 

A. 

B. 

C. 

D. 

E. 

14. "Patih Gandamana", menawa ditulis nganggo aksara jawa dadi ....

A. 

B. 

C. 

D. 

E. 

15. 

Wacanen tulisan Jawa ing dhuwur yaiku ....

A. Wahyu bocah pinter, sregep, lan entheng tangane
B. Wayah ngaso aja mung dolanan wae
C. Wahyu lan Agung bocah pinter lan sregep
D. Bocah sregep, pinter,lan entheng tangane
E. Wahyu wani maju uga pinter

## B. PILIHAN GANDA KOMPLEKS

*Gatekna infografik no 1, kanggo pitakonan no 16.*

16. Katrangan kang bener ngenani sujarahe wayang yaiku .... (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Wayang mlebu ing Indonesia bareng karo agama Islam
   B. Wayang asale saka kabudayan Melayu
   C. Para ulama jaman biyen nganggo wayang minangka sarana dakwah
   D. Wayang ana wiwit abad kaping 10 Masehi
   E. Wayang tumeka ing Indonesia bareng karo para pedagang saka Persia
17. Carane Gajah Sena nyuwek bungkuse Bima yaiku kanthi .... (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Dilungguhi
   B. Diidak-idak
   C. Nglungkeri bungkusan mau nganggo tlalene
   D. Nyeluk wadyabalane kanggo bareng-bareng ngidak-idak siBungkus
   E. Gadhinge diblesekake marang si Bungkus
18. Nalika kadhapuk dadi panatacara ora kena nindakake solah bawa kang ora mranani, kaya ta .... (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Ngadeg ngadhep para rawuh
   B. Ngadeg lelambaran sikil siji
   C. Ngadeg kaku
   D. Ngadeg lelendhetan papan wicara
   E. Ngadeg kanthi semangat

LIVEWORKSHEETS

19. Ing ngisor iki kang kalebu perangan atur pakurmatan yaitu ….. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Sumangga kula panjenengan ngonjukaken puji sukur dhumateng Gusti
   B. Matur nuwun awit rawuhipun panjenengan ing titi wanci punika
   C. Dhumateng para siswa, mudha-mudhi ingkang kula tresnani
   D. Dhumateng Bapak Kepala Sekolah ing kula urmati
   E. Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh
20. Katrangan sing bener ngenani geguritan lan tembang yaiku …. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Geguritan cacahe wanda lan cacahe gatra ana tata aturane
   B. Geguritan iku olehe maca kudu ditembangake/dilagokake
   C. Geguritan iku ora kaiket guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu
   D. Tembang macapat iku nduweni guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu
   E. Tembang iku nggunakake purwakanthi guru swara a-b-a-b
21. Larik ing geguritan kasebut kang migunakake majas yaiku …. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Saka langit biru kaya segara
   B. Nganti srengenge ndhelik ing mega
   C. Lakuku terus mlaku
   D. Aku nemokake sekolah kanggo sinau kabeh
   E. Amarga aku ngreti ana akeh sing nyilem
22. Bagean pendhapa diapit dening …. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Gandhok
   B. Pringgitan
   C. Pengrawit apitan
   D. Tajuk mangkurat
   E. Omah njero
23. Aksara murda digunakake kanggo nulis bab-bab ing ngisor iki, kaya ta …. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Jeneng dhiri
   B. Jeneng panggonan
   C. Jeneng lembaga
   D. Jeneng panganan


Ilmu

Saka langit biru kaya segara
Nganti srengenge ndhelik ing mega
Lakuku terus mlaku
Ora perduli dheweke kesel
Mlaku ing akeh

Sikilku mesthi leren ing papan sing padha
Sekolah sing dakgali kanggo mbedhek mbesukku
Ora ngganggu paningale jiwaku

Aku nemokake sekolah kanggo sinau kabeh
Amarga aku ngreti ana akeh sing nyilem
Kaya macem-macem jinis iwak ing samodra

Oh ilmu . . .
Aku takon Gusti marang sing sejatine nduweni ilmu
Wenehi ilmu sing jembar
Supados pikiran peteng ora ngganggu paningale jiwaku

24. Tembung "wasitaning" nduweni teges …. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Wewarah
   B. Ati
   C. Piwulang
   D. Becik
   E. Nggladhi

Infografik kanggo pitakonan nomer 26.




25. Ing ngisor iki katrangan kang bener miturut infografik kasebut yaiku …. (*Wangsulan luwih saka siji*)
   A. Basa ing geguritan gagrag anyar nganggo basa padinan
   B. Geguritan gagrag anyar bisa dadi sarana kanggo menehi kawruh
   C. Geguritan gagrag anyar iku katulis mawa paugeran tartamtu
   D. Cacahe gatra lan padha ing geguritan gagrag anyar ora ditemtokake
   E. Geguritan gagrag anyar ora ana kawruhe

LIVEWORKSHEETS

## C. MENJODOHKAN

26. Gathukna unsur intrinsik lan katrangan kang trep!

| Unsur Intrinsik |
| --- |
| Tema |
| Alur |
| Latar |

| Katrangan |
| --- |
| Nuduhake pangggonan, wektu, lan swasana sajroning crita |
| Lelandhesan utawa underaning crita |
| Lakuning utawa urut-urutane crita saka wiwitan nganti pungkasan kanthi runtut |

27. Gathukna struktur teks panatacara lan tuladha kang trep!

| Struktur Teks Panatacara |
| --- |
| Uluk salam |
| Atur pakurmatan |
| Atur pamuji sukur |

| Tuladha |
| --- |
| Wilujeng enjang |
| Ingkang kapisan, sumangga kita ngaturaken puji sukur wonten ing ngarsanipun Gusti Ingkang Murbeng Agesang |
| Ingkang kinurmatan Bapak Kepala Sekolah, saha para guru ingkang kula urmati. |

28. Gathukna unsur geguritan lan katrangan kang trep!

| Unsur Geguritan |
| --- |
| Rasa pangrasa |
| Swasana |
| Amanat |

| Katrangan |
| --- |
| Kahanane batin/jiwa pamaca sawise maca geguritan |
| Bab kang pengin diwedharake panganggit marang pamaca |
| Rasa simpati, empati, antipasti, sedhih, susah, seneng, kangen, lan gumun ing geguritan |

29. Gathukna tembung lan kinase kang trep!

| Tembung |
| --- |
| Blaba wuda |
| Sidhem premanem |
| Wruh |

| Jinise |
| --- |
| Tembung saroja |
| Tembung plutan |
| Bebasan |

30. Gathukna aksara murda lan latine kang trep!

| Aksara Murda |
| --- |
|  |
|  |
|  |

| Latine |
| --- |
| Na |
| Ka |
| Ga |

LIVEWORKSHEETS